KONEKSYON

Yon Bilten pou Paran Lekòl Leta Miami-Dade County

LEKÒL LETA MIAMI-DADE COUNTY RESEVWA YON REKÒ 35 PRIM MERIT NASYONAL LEKÒL MAGNÈT

"Magnet Schools of America (MSA)" (Lekòl Magnèt Ozetazini) rekonèt trannsenk 35 Lekòl Magnèt Lekòl Leta Miami-Dade County pou angajman yo nan estanda akademik ki wo, inovasyon nan kourikoulòm, siksè nan efò pou desegrasyon/divèsite, pwofesè espesyalize, ak patisipasyon paran nan kominote a. Okenn lòt distri lekòl pa janm resevwa kantite prim sa yo nan yon sèl ane lekòl, e pou dezyèm ane konsekitif, M-DCPS depase pèfòmans tout lòt distri lekòl nan tout peyi a ak yon gwo eka.

Ane sa a 18 lekòl nan Miami-Dade te pami 94 lekòl nan tout peyi a pou resevwa prim dezirab Lekòl Magnèt Ekselans la. Nan kategori pou Lekòl Magnèt Distenksyon, Distri a te gen 17 lekòl pami 121 gayan nasyonal.

MSA te chwazi tou Lekòl Mwayen Herbert A. Ammons kòm youn nan lekòl magnèt nan peyi a ki bay meyè pèfòmans. Lekòl Mwayen Ammons se youn nan senk lekòl nan tout peyi a ki t ap fè konpetisyon pou prim dezirab "Dr. Ronald P. Simpson Distinguished Merit Award" (Prim Merit Distenge Dtè. Ronald P. Simpson). Yo ap anonse prim nan an me nan konferans nasyonal MSA a nan Tulsa, Okla.

LEKÒL MAGNÈT EKSELANS

Ada Merritt K-8 Center
Coral Reef Senior High School
Dr. Henry E. Perrine Academy of the Arts
Frank C. Martin K-8 Center
Herbert A. Ammons Middle School
Howard D. McMillan Middle School
iPrep Academy
Jose Marti MAST 6-12 Academy
MAST Academy
MAST @Homestead
Miami Coral Park Senior High School
Norland Middle School
Phyllis Ruth Miller Elementary School
South Miami K-8 Center
Southwood Middle School
TERRA Environmental Research Institute
William J. Bryan Elementary School
Young Women's Preparatory Academy

LEKÒL MAGNÈT DISTENKSYON

Coconut Palm K-8 Academy
Design and Architecture Senior High
George Washington Carver Middle School
Hammocks Middle School
International Studies Preparatory Academy
Joella C. Good Elementary School
John F. Kennedy Middle School
Jorge Mas Canosa Middle School
Law Enforcement Officers Memorial High School
New World School of the Arts
Robert Russa Moton Elementary School
South Miami Senior High School
Shenandoah Middle School
Southside Elementary School
Southwest Miami Senior High School
Sunset Elementary
W. R. Thomas Middle School

FINALIS POU MÈYÈ PWOFESÈ, DIREKTÈ/TRIS AK ASISTAN DIREKTÈ/TRIS NASYONAL POU ANE A SE ANPLWAYE M-DCPS

De administratè nan Lekòl Leta Miami-Dade County te ranpòte pi gwo onè pou ladrès gouvènans siperyè yo pandan uityèm Somè Anyèl Komisyonè pou Direktè. Yo te nonmen Dtè. Pablo Ortiz, ansyen direktè Lekòl Segondè Miami Edison, kòm Direktè Ekstrawòdinè pou Ane a nan Florid, e yo te nonmen Dtè. Denise Barrett-Johnson, Asistan Direktris nan Lekòl Mwayen Lake Stevens, kòm Asistan Direktris Ekstrawòdinè pou Ane a nan Florid.

Komisyonè Edikasyon Tony Bennett te prezante Dtè. Ortiz yon chèk $5,000 ak $1,000 adisyonèl pou lekòl li. Yo te prezante Dtè. Barrett-Johnson yon chèk pou $2,500 e $575 pou lekòl li.

Vizyon okipasyon prensipal Dtè. Ortiz se te ogmante siksè elèv nan Lekòl Segondè Miami Edison, kote li te dirije yon chanjman kiltirèl ki gen patisipasyon elèv, pwofesè, anplwaye, paran, ak kominote a e li te dirije de ane chanjman ki pi dramatik nan nenpòt lekòl nan Florid. Anba gouvènans li, Miami Edison te gen premye "Silver Knight Award" li nan prèske 20 ane e twa elèv te resevwa Prim dezirab Bousetid "Gates Millennium." Kounye a Dtè. Ortiz ap sèvi kòm Asistan Sipèentandan, Biwo Transfòmasyon Edikasyon.

Dtè. Barrett-Johnson itilize ladrès gouvènans li pou kreye yon anviwònman ki gen sekirite, ki pozitif e akademikman rich pou elèv li yo. Nan de ane ki sot pase yo, li te travay pou konstrui yon pwogram ansèyman debaz ki fè siksè nan Lekòl Mwayen Lake Stevens, ki te kontribye nan amelyorasyon nòt lekòl la a yon "B." Akonplisman ki pi remakab li kòm yon asistan direktris gen ladan kreyasyon pwogram ansèyman debaz, edikasyon etid sosyal, konstrui patenarya ant fanmi e kominote a, e motive pwofesè, anplwaye, ak elèv. Li kwè edikasyon se yon efò kominotè ki mande envèstisman ak resous tout moun ki enterese.

"Council of Chief State Schools Officers" (Konsèy Ofisye Anchèf Lekòl Eta) a nonmen Alexandre Lopes, Meyè Pwofesè pou Ane 2013 `'Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) ak Florid kòm youn nan kat finalis pou Prim Meyè Pwofesè Nasyonal pou Ane a. Filozofi Lopes se "Li mande bon sans pou fè ansèyman fè sans." Yo ap anonse gayan an nan yon seremoni nan Mezon Blanch pandan Semèn Nasyonal Rekonesans la, 21-26 avril, 2013, nan Washington, D.C.

M-DCPS ONORE MEYÈ DIREKTÈ, ASISTAN DIREKTÈ POU ANE A NAN YON SEREMONI

"Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) te onore meyè direktè ak asistan direktè li yo nan yon seremoni prim 9 avril nan Jungle Island. Caridad Montano, ki sèvi kòm direktris nan Enstiti Rechèch Anviwònmantal TERRA, te ranpòte premye onè kòm Meyè Direktris Distri a pou Ane a.

Montano ap dirije premye lekòl segondè ekolojik nan distri a pou dènye sis ane yo. Pandan 20 ane li te sèvi kòm yon asistan direktris ak direktris nan lekòl atravè Miami-Dade. Li gen yon distenksyon san parèy ki se premye direktè lekòl nan Distri a yo te chaje pou louvri de (2) nouvo lekòl: Lekòl Mwayen Lamar Louise Curry ak Enstiti Rechèch Anviwònmantal TERRA.

Yo te rekonèt Melissa Garcia nan Lekòl Segondè Miami Sunset kòm Mèyè Asistan Direktris pou Ane a. Garcia sèvi kòm yon Asistan Direktris depi 13 ane. Madan Garcia ki soti nan eta Texas, ap travay pou M-DCPS depi 1996.

Meyè Direktris pou Ane a te resevwa $3,000 e Meye Asistan Direktris la te resevwa $2,000. Yo pral resevwa pànye kado tou nan men patwonè evènman yo. Yo te rekonèt tou nan seremoni an Dawn M. Baglos ki nan Lekòl Segondè Dtè. Michael Krop, kòm dezyèm Mèyè Direktè pou Ane a e Leonardo Mouriño ki nan Lekòl Elemantè Shadowlawn, kòm dezyèm Meyè Asistan Direktè pou Ane a.

"Dade Association of School Administrators (DASA)" (Asosyasyon Administratè Lekòl nan Dade) te onore tou twa administratè nan seremoni prim nan. Yo te rekonpanse Milagros Fornell, Iraida Mendez-Cartaya, ak Penny Parham pou sèvis ekstrawòdinè yo bay nan sistèm lekòl la.

Fornell ap sèvi kòm Ofisye Akademik Anchèf nan M-DCPS, yon pwomosyon li te pran apre plizyè lòt pozisyon lidè li te genyen nan distri a. Pami divès akonplisman Fornell nan travay li ye kounye a, genyen ogmantasyon patisipasyon ak pèfòmans elèv M-DCPS nan kou Plasman Avanse ak Anwolman Doub, ansanm ak dirije ekip ekriven pou don "Race to the Top" (Kous pou Antèt) Distri a. Kòm yon administratè depi 23 ane, Mendez-Cartaya sipèvize relasyon entègouvènmantal nan nivo lokal, eta, ak entènasyonal pou distri lekòl la ansanm ak resevwa e jere don. Anba direksyon li, valè dola pou finansman adisyonèl nan distri lekòl la te ogmante anpil, pou plis pase $700 milyon. Yo rekonèt Parham kòm moun ki fè sèvis manje vin pwofitab pou premye fwa depi plizyè ane. Parham se Direktris Administratif Depatman Manje ak Nitrisyon Distri a.

PWOCHEN REYINYON KOMISYON KONSÈY LEKÒL

8 me	11:45 dimaten	Reyinyon Regilye
19 jen	11:45 dimaten	Reyinyon Regilye
17 jiyè	11:45 dimaten	Reyinyon Regilye
25 jiyè	6:00 diswa	Premye Odyans Piblik sou Bidjè ak Adopsyon Pwovizwa Prelèvman Taks sou Pwopriyete 2013-2014 ak Bidjè Anyèl

DAT POU NOU SONJE

Lendi 27 me – Fèt pou Onore Sòlda ki Mouri nan Sèvis (Memorial Day)

Jedi 6 jen – Dènye Jou Lekòl

Vandredi 7 jen – Jounen pou Pwofesè fè Planifikasyon

YO NONMEN M-DCPS KÒM YON MEYÈ KOMINOTE POU EDIKASYON MIZIK 2013

"National Association of Music Merchants (NAMM)" (Fondasyon Asosyasyon Nasyonal Komèsan Mizik) te nonmen "Miami-Dade County Public Schools (M-DCPS)" (Lekòl Leta Miami-Dade County) kòm yon Meyè Kominote pou Edikasyon Mizik 2013. Fondasyon NAMM se yon òganizasyon ki pa la pou fè pwofi, ki pwomote e avanse patisipasyon aktif nan mizik. Li sipòte filantwopi, rechèch syantifik ak sèvis piblik. Plis pase 300 distri lekòl e 60 lekòl atravè peyi a te resevwa deziyasyon prestijye sa a.

Meyè Kominote pou Pwogram Edikasyon Mizik rekonèt lekòl ak distri lekòl ki demontre yon angajman pou sipòte edikasyon mizik nan lekòl yo. Pwogram nan fè sondaj patisipan yo nan plizyè domèn, ki gen ladan patisipan nan klas mizik yo, finansman, demand gradyasyon, etablisman, tan enstriksyon, faktè enpòtan nan kominote edikasyon mizik la ak sipò pwogram mizik la. Prèske 2,000 lekòl ak distri lekòl te patisipe nan sondaj ane sa a.

Biwo Edikasyon Mizik M-DCPS bay pi wo kalite edikasyon mizik. Enstriksyon mizik fè pati total pwogram entriksyonèl pou tout elèv nan lekòl elemantè, ak yon pati enpòtan nan pwogram pou elèv ki gen enterè e/oubyen abilite nan nivo segondè. Akoz kontinite enstriksyon esansyèl nan etid mizik, yo ofri elèv yo aksè sou pwogram mizik chak ane ak ase tan pou enstriksyon nan jounen lekòl la pou yo patisipe nan mizik regilyèman.

Komisyon Konsèy Lekòl Miami-Dade County, Florid

Madan Perla Tabares Hantman, Chèmann
Doktè Martin Karp, Vis Chèmann
Doktè Dorothy Bendross-Mindingall
Susie V. Castillo
Carlos L. Curbelo
Doktè Lawrence S. Feldman
Doktè Wilbert "Tee" Holloway
Doktè Marta Pérez
Raquel A. Regalado

Alberto M. Carvalho
Sipèentandan Lekòl yo

Jude Bruno
Konseye Elèv pou Komisyon Konsèy Lekòl la

Se Biwo Relasyon Piblik ki Pwodui Bilten sa a
John Schuster
Ofisye Anchèf Kominikasyon